GONAÏVES DEBOUT

231 Ave des Dattes (Destours Laborde), Gonaïves, Haïti HT 4110 **(Hôtel Family-Pradis)**

Tél : +509 3212 4151 / 3636 4848

Courriel: gonaivesdebout60@gmail.com www.gonayivdebouht.org

Message pèp Gonayiv 18 novanm 2026

Nou, pèp Gonayiv, kite resevwa flanbo peyi avek 3 flam rouj: libèté, égalité, fratènité, nou remete nou debou mem koté isit la, sou plas sa, koté zansèt nou te deklaré nou lib, endepandan kòm ras nwa. Nap renouvle mem sèman an devan lemond antyé an solidarité avek tout lot popilasyon nan peyi a kap di tankou yon sel vwa:

Nou bouké, Nou bouké ak ensekirité, Nou bouke ak gouvenman gang teworis, volè, asasen, kidnapè, trèt, machan peyi.

Jodi a se Vètyè, Nou se Vètyè !

Nou pa vle gouvenman Didier Fils Aimé a. Nou vle yon lot gouvènans enstitisyonel ak yon prezidan e yon premyé minis diy pou patriotism yo, onêteté yo, konpetans yo e fòs karaktè yo. Moun ki ka defann diyite e souverènte peyi a. Nou pa mande ni vle fache ak pyès peyi. Okontrè nou kwè nan koperasyon entènasyonal men koperasyon sensè, onèt, responsab e efikas. Se pou sa nou apresye ak tout kè nou èd prezidan Salvadò a Nayib BUKELE ap banou pou libere peyi a de gang teworis, volè, asasine paske prezidan BUKELE gen rekonesans pou sa zansèt nou yo te fè pou liberasyon tout Amerik latinn la. Sa pwouve nou amitye ant pèp pa dwe gen demagoji. Sa pwouve kon a kont gang teworis yo mande dabò volonte ak detèminasyon. Viv prezidan BUKELE ! Viv amitye AYITI-SALVADÒ ! Aba sipòtè gang, volè, kriminel, asasine !

Nap ankouraje Prezidan BUKELE ak vijilans pou pyès papa ak paren gang pa kamoufle kò yo pou eseye fè dappiyan sou pouvwa pep ayiwyen kap soufri anpil anba on oligachi koronpi yo.

Nou mem, pitit lejitim papa nasyon Dessalines, nap veyé. Nou vle geri mal la nan rasin li pou tout tan.

Nou mande yon komisyon Jistis ak verite fè limyè sou tout gwo krim e chèche mwayen pou rekonsilyasyon nasyonal e bon kondisyon pou lapè dirab. Nou fè apel ak tout gang ki rekonèt yo nan movè chimen pou bay tout verite pou ede sosyete gen konsiderasyon imen pou yo nan yon posib rekonsilyasyon nasyonal.

Nou pa dwe rete nan divizyon tout tan. Nan mem espri Vètyè a se pou nou refè inite antre nou. Nou gen devwa pou nou rete ini. Nou tout se Vètyè, nou tout ki pa nan gang teworis, volè, asasen, kidnapè, trèt, machann peyi

Nou mande revize estrateji nan aksyon Nasyon ZINI nan Ayiti pou plis respè diyite ak otodetèminasyon pèp la. Nou kapab dirije tèt nou. Se nou ki dwe chwazi dezomè pwop dirijan nou, ak moun ki pa esklav, moun ki onêt, moun ki responsab, moun ki konpran relasyon entenasyonal se pa yon soumisyon oblije.

Nou mande FRG pa fe entèvansyon e kite popilasyon an san proteksyon anfas gang, kriminel, asasen yo pou evite yo vinn fè reprezay. Nou mande pou pèp la vijilan, veye an wo, veye anba, pa ezite fè sikile ranseyman pou mete lamen sou kriminel kap depafini peyi a. Nou mandé fos sekirite nasyonal yo prepare yo pou kontinye batay la jiskobou tankou batay Vètyè a. Nou tout dwe kontinye fè travay Zanset nou yo te komanse 18 novanm 1803.

Nan sans sa, nou mem, nan site endepandans la, nou vle yon solisyon definitiv, pèmanant, dirab, total kapital ak kriz tèt chaje sa a.

Nou bezwen wout yo libere pou moun ak machandiz sikile lib e libè. Nou bezwen sekirite tout kote, nan vil, nan seksyon komunal, nan depatman yo 24/24. Nou bezwen yon Leta responsab serye nasyonalis kap sèvi pèp la ak diyite, kap konbat inegalite sosyal ak Jistis sosyal, kap travay pou byenèt kolektif, kap mete sou pye yon rejim ekonomik spesyal pou kreye pol devlopman dirab, mete nan chak depatman yon gwo platfòm teknolojik.

Nan latibonit, antreprenè yo, ki gen 7 ane nan movez kondisyon travay, bezwen akonpayman teknik ak finansman spesyal. Nan latibonit nou bezwen elektrisite, wout, wout Gonayiv-Kap, Gonayiv-SenMichel, Gonayiv-Janrabel, Gonayiv-Pòdepè, Gonayiv-Tènèv. Nou bezwen meri yo, seksyon komunal yo gen vre otonomi yo. Nou mande anile kontra fo sekirite yo kap toupizi kès leta pou sevis sans rezilta. Nou mande garanti pou respè propriete moun. Nap mande diaspora atibonib bay peyi egzanp moun ki pran desten an men kote yo soti e transfomel kom yon kote moun ka viv byen. Pyès etranje pa ka fè pou nou peyi nou vle a. Se nou pou ki ka fèl nan bon jan koperasyon. An nou kontinye fè sa zansèt nou yo te komanse 18 novanm 1803.

An avan! An avan! An avan!

Grenadye alaso, an nou detwi system koronpi kila depi aprè asasina papa nasyon Dessalines an 1806. An nou konstwi nouvel Ayiti a pou yon libète reyel, yon egalite efektiv, yon fratènite san fòs kote.

Viv Vètyè ! Nou se Vètyè ! Aba gouvenman korompi, teworis, volè, asasen, trèt, machann peyi. Aba Didier Fils Aimé ! Viv amityé Ayiti-Salvador ! Viv prezidan Bukele !

Komite Gonayiv Debou

Gonayiv 18 novanm 2026